



Jwenn Èd Bonè Èske Enpòtan

Jèn ti gason ak jèn tifi ki viktim vyolans nan kay oswa ki ekspoze ak vyolans nan kay gen plis risk pou nou repete menmjan de konpòtman sa yo.

Pa egzanp, yon ti gason ki wè y ap maltrete manman l oswa yon manm nan fanmi l gen plis chans pou l maltrete patnè li lè l vin gran. Yon ti fi ki se yon viktim oswa temwen abi nan kay gen plis chans pou yo abize l seksyèlman lè li vin adolesan



NYC Health + Hospitals

Vyolans nan Kay Sèvis Sante Mantal

Vyolans nan Kay afekte sivivan yo nan diferan fason. Timoun, adolesan oswa granmoun ki sibi vyolans nan kay yo fè fas ak plizyè kalte pwoblèm sante mantal. Jwenn èd ou merite nan men ekip founisè swen nou yo. Nou la pou n ede w ak preyokipasyon sante mantal ou yo.

Kòman Vyolans nan Kay Afekte Timoun yo

Souvan timoun ak adolesan ki viktim, oswa ki te ekspoze a vyolans nan kay fè fas ak pwoblèm fizik ak sante mantal ki dire lontan. Men kèk fason timoun yo ka afekte:

Timoun piti ak timoun ki nan jaden danfan

- Pipi nan kabann, anpil kriye ak plenyen
- Difikilte pou dòmi
- Lè l fasil pou yo pè
- Bege oswa kache
- Gen pwoblèm pou w separe ak yon paran pwòch

Timoun ki gen laj pou lekòl

- Santiman kilpabilite oswa blame tèt yo akòz abi
- Pa patisipe nan aktivite lekòl yo oswa ap sote jou lekòl
- Estim pwòp tèt ki ba
- Anpil maltèt ak vant fè mal

Adolesan

- Sote jou lekòl
- Ogmantasyon agresyon oswa santi yo deprime
- Konpòtman ki riske tankou sèks san pwoteksyon, itilizasyon alkòl oswa dwòg
- Patisipe nan goumen oswa entimidasyon lòt moun

Jwenn Èd Ou Merite a Isit La

Nou bay sèvis sante mantal pou viktim ak sivivan abi vyolans nan kay nan tout abri ki la pou vyolans nan kay nou yo nan:

- The Bronx
- Brooklyn
- Manhattan
- Queens
- Staten Island





Kijan pou Mwen Jwenn Sèvis yo nan Abri a?

Tanpri kontakte manadjè ka w la nan abri w la ki ap ba w yon referans dirèk a Ekip Klinik NYC Health + Hospitals nou an.

Sèvis Sante Mantal kont Vyolans nan Kay se yon patenarya ant:

- NYC Health + Hospitals
- Biwo Majistra a pou fini ak Vyolans Domestik ak Vyolans ki baze sou Sèks (Mayor's Office to End Domestic and Gender-Based Violence)
- Biwo Sante Mantal Kominotè Majistra a (Mayor's Office of Community Mental Health)
- Administrasyon Resous Imen Vil New York (New York City Human Resources Administration)
- Depatman Sèvis Sosyal Vil New York (New York City Department of Social Services)



Kòman Vyolans nan Kay Afèkte Adilt

- Ou santi w fatigue
- Santi w estrese
- Motivasyon ki ba
- Estim pwòp tèt ki ba
- Maltèt
- Doulè nan pwatrin lan
- Doulè nan vant
- Doulè basen
- Sansasyon etoufman
- Santi w enève
- Enkyete anpil
- Ou santi w paranoyak
- Pa ka konsantre
- Difikilte pou dòmi
- Ou pa vle rete vivan

Sèvis Sante Mantal Nan Abri pou Vyolans nan Kay yo

- Sèvis ou resevwa nan abri a pral depann ant ou menm ak pwofesyonèl swen sante ou yo.
- Ou menm ak/oswa pitit ou yo ka resevwa sèvis sante mantal konfidansyèl an pèsòn oswa atravè telehealth.
- Telesante vle di w ap pale ak pwofesyonèl swen sante w la avèk yon telefòn entelijan. Telesante a se tankou yon apèl videyo an prive oswa FaceTime ak founisè swen ou an. Gen nan kèk ka sèvis sa p ap disponib.

Avantaj Lè w Jwenn Sèvis Sante Mantal Ou a Nan Abri a

- **7/24 Sipò pou Kriz.** Aksè a sèvis yo nenpòt kilè nan jounen an. Apèl ijan yo disponib pandan lannwit ak nan wikenn.
- **Tès Depistaj Sante Mantal.** Tès yo ede w ak founisè swen w yo konprann kòman sa w te viv la afekte sante mantal ou ak byennèt ou.
- **Koneksyon Imedyà avèk Pwofesyonèl Swen Sante yo.** Klinisyen, travayè sosyal ak sikyat nou yo travay ak adilt ansanm ak timoun ki soti nan diferan kilti epi ki soti nan diferan peyi.
- **Terapi Endividyèl.** Terapi a fèt sèlman ant oumenm ak klinisyen an.
- **Terapi an Gwoup.** Ou menm ak lòt rezidan ki nan abri a rankontre nan yon anviwònman ki la pou sa pou nou diskite sou menm kalte pwoblèm epi yon klinisyen ap gide nou.
- **Jesyon Medikaman.** Tou depan de dyagnostik ou a, ou ka resevwa medikaman ki ka ede w ak kèk kalte pwoblèm sante mantal.